


# KWAPE PWOPAGASYON AN

ETAP SILA YO KA KWAPE PWOPAGASYON COVID-19 LA



- Limite kontak fizik ak entèraksyon youn ak lòt. **Pa** anbrase oswa pa bay lamèn. Lè sa posib, rete **6 pye distans** youn ak lòt.

- **Kouvri nen w ak bouch** ou ak yon mas an twal.

- Sèvi ak yon napkin/mouchwa pou w kouvri bouch ou ak nen ou lè w ap touse oswa estènen epi jete l nan yon poubèl ki ka fèmen ak yon kouvèti.



- **LAVE MEN W** byen ak savon ak dlo pandan 20 segonn lè w sot nan twalèt, anvan epi aprè w finn fè manje, lè w finn estènen oswa touse nan yon mouchwa, anvan ou kite lakay ou, epi touswit lè w rantre lakay ou.



- **PA MANYEN** je w, nen w ak bouch ou pandan jounen an.

- **Pa** pataje afè pèsònèl ou: telefòn selilè, asyèt, vè wap bwè dlo, gode, kiyè/ fouchèt, sèvyèt ak dra.

- **Pa** pataje zouti oswa ekipman pou w al fè rekòt.

- Twalèt ak kote pou w lave men w dwe netwaje epi dezenfekte chak jou. Si se pa sa, enfòm/avèti touswit sipèvizè ou.

- Omwen yon fwa pa jou netwaje epi dezenfekte telefòn selilè, rimòt kontwòl, kontwa, tab, manch pòt, akseswa nan twalèt yo, twalèt, klavye, tablèt epi ti tab bò kabann yo.

- Avèti sipèvizè w touswit si w santi kò w pa bon oswa si w gen sentòm.

**PA** kite kote ou rete a epi **PA** ale nan espas piblik.

## Al kay doktè si w gen sentòm COVID-19 yo\*



**Tous ki pa janm fini**



**Lafyè: 100.4+**



**Ou pèdi gou bouch ou oswa ou paka pran sant**



**Kò fè mal/ Tèt fè mal**



**Souf kout**



**Gòj fè mal**

\*Gen Lòt sentòm tou tankou frison, dyare oswa ou santi w pa byen nan nenpòt ki lòt fason.

## Ki kote ou ka al fè tès COVID-19 nan Florida

- Vizite <https://floridahealthcovid19.gov/home/kreyol/> pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo sou kote wap ka al fè tès COVID-19

- Rele 1-877-888-7468 pou enfòmasyon sou COVID-19

**Netwaje epi dezenfekte lakay ou.** <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/disinfecting-your-home.html>

**Pran swen youn moun ki malad nan kay la.** <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/care-for-someone.html>

**Jwenn enfòmasyon sou kowona viris.** <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

**Depatman Sante nan Florid.** <http://www.floridahealth.gov>

**UF Health Depiste, Teste & Pwoteje.**

**Depiste. Teste. Pwoteje.**

Aprann plis bagay sou Coronavirus. [UFHealth.org](http://UFHealth.org)